


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan maké pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan maké kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol (Nazir, 2013, kc. 73). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123) métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nya éta: 1) *one shot case study*; 2) *pre-test and post-test*; 3) *static group comparison*.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pre-test* anu tuluy dibéré treatment sangkan ngalatih kamampuh siswa dina kawih kalawan maké métode tilu léngkah, anu satuluyna dilakukeun *post-test*. Desainna saperti ieu dihandap.



Bagan 3. 1
Desain panalungtikan pre-test jeung post-test
Arikunto (2013, kc. 124)

Keterangan:

O_1 : *Pre-test* (kamampuh ngawih saméméh maké métode tilu léngkah).

X : *treatment* pangajaran ngagunakeun métode tilu léngkah.

O_2 : *Post-test* (kamampuh ngawih maké métode tilu léngkah).

3.2.Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 7 Bandung anu lokasina di Jl. Ambon No. 23. Ieu sakola miboga 28 kelas. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 anu jumlahna 34 siswa, 16 lalaki jeung 18 awéwé.

3.3 Wangenan Operasional

Dumasar kana pedaran panalungtikan anu sipatna leuwih tioritis, ieu di handap dijelaskeun deui ngeunaan wangenan tina masing-masing variabel anu aya dina ieu panalungtikan.

- a. Méthode tilu léngkah nyaéta méthode anu dipaké sangkan siswa bisa maham kana eusi rumpaka kawih tur ngahaleuangkeun kawih kalawan niténan éksprési jeung téhnik vokal. Méthode tilu léngkah téh nyaéta galindeng maca, galindeng nutur, jeung galindeng bisa. Galindeng maca nyaéta méthode anu dilakukeun ku siswa sangkan maca heula téks nepika bener-bener paham; Galindeng nutur nyaéta ilubiungna siswa pikeun nuturkeun lagu anu disetél ngaliwatan CD (*compact disc*) dumasar téks anu geus dibaca tur dipikapaham; sarta Galindeng bisa nyaéta hal anu mangrupa udagan sarta harepan ahir sangkan siswa bisa ngahaleuangkeun kawih, sarta bisa maham sacara kognitif, apéktif, jeung mampuh ngalarapkeun dina tataran psikomotor. Méthode tilu léngkah asalna tina méthode *tiga langkah*, panalungtik ngobah ieu istilah ku sababarha tinimbangan kayaning sangkan leuwih teleb jeung leuwih nyunda.
- b. Ngawih nyaéta asal kecap tina kawih, ngawih miboga arti dina kelas verba atawa kecap pagawéan. Ngawih bisa jadi tindakan, kaayaan, pangalaman atawa harti dinamis anu liana. Kawih anu ngawengku éksprési jeung téhnik vokal.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun data atawa informasi anu saluyu jeung masalah panalungtikan. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta wangun tés. Tés dipaké pikeun ngukur kamampuh dina ngawih. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

a. Tés

Wangun tés dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngukur kamampuh ngawih nu ngajén tina dua aspék kayaning éksprési jeung téhnik vokal, saméméh maké méthode tilu léngkah jeung kamampuh ngawih sanggeus maké méthode tilu léngkah.

Tés Ngawih

Pék haleuangkeun hiji kawih Sunda anu aya dina buku gapura basa !

Ku katangtuan ieu di handap :

1. Pilih hiji judul kawih nu rék dihaleuangkeun anu diantarana :

a. Mojang Priangan

b. Es Lilin


c. Budak Jalanan

d. Karatagan Pahlawan

2. Durasi maksimal ngawih 3 menit

3.5 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan *kuantitatif* anu maké métode kuasi ékspérimén, désain anu dipaké nyaéta désain *pretest and posttest*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3. 2
Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré prosedur panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.

a. Masalah anu Karandapan dina Pangajaran Kawih Sunda

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru basa Sunda SMP Negeri 7 Bandung, ngeunaan masalah atawa pasualan anu aya di kelas nalika nepikeun matéri ajar kawih Sunda hususna di kelas VIII-C luyu jeung kurikulum anu digunakeun nyaéta kurikulum 2013 revisi 2017.

1. Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh ngawih di kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung.

2. Raraga Tiori.

3. Ngarumuskeun Hipotésis

4. Ngarumuskeun Instrumén

5. Ngumpulkeun data (saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah).

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun ajaran 2019/2020, satuluyna dilakukeun panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nyaéta saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngawih anu ngajén dua aspék kayaning éksprési jeung téhnik vokal, sedengkeun tés sanggeus maké métode tilu léngkah mah dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh ngawih siswa anu ngajén dua aspék nyaéta éksprési jeung téhnik vokal.

6. Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara maké rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW versi 18*.

7. Nyusun Laporan Panalungtikan

Sanggeus tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés nu dilaksanakeun nyaéta pikeun ngukur kamampuh ngawih nu ngajén éksprési jeung téhnik vokal saméméh maké métode tilu léngkah, jeung kamampuh ngawih nu ngajén éksprési jeung téhnik vokal sanggeus maké métode tilu léngkah dina kagiatan diajar-ngajar.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nya éta saperti ieu di handap.

- a. Siswa dibéré tés pikeun ngukur kamampuh ngawih Sunda nu ngajén éksprési jeung téhnik vokal saméméh maké métode tilu léngkah.
- b. Sanggeus mikanyaho hasil tés ngawih siswa, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran kawih Sunda kalayan maké métode tilu léngkah.

3.7 Téhnik Analisis Data

Kagiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara anu dipaké pikeun nyangking jawaban tina pasualan nu ditalungtik. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data, nyaéta data pikeun mikanyaho hasil kamampuh ngawih saméméh maké métode tilu léngkah jeung data hasil kamampuh ngawih sanggeus maké métode tilu léngkah.

- a. Méré peunteun kamampuh ngawih nu ngajén dua aspék, nyaéta éksprési jeung téhnik vokal saméméh jeung sanggeus maké rubrik peunteun.

Tabel 3. 1
Skala Skor Aspék Ngawih Sunda

No	Indikator	Déskripsi	Skor	Skor Maks
1	Émosi (<i>penghayatan lagu</i>)	Hadé pisan : ngawih maké émosi (penghayatan anu merenah tur saluyu jeung kawih anu dipidangkeun)	5	5
		Hadé : ngawih maké émosi (penghayatan kurang merenah jeung kawih anu dipidangkeun)	4	
		Cukup : ngawih bari gerak tapi teu maké émosi (penghayatan)	3	
		Kurang : ngawih hungkul teu maké émosi (penghayatan)	2	

No	Indikator	Déskripsi	Skor	Skor Maks
		Kurang pisan : ngawih asal-asalan sarta teu maké émosi.	1	
2	Pasemon (<i>mimik muka</i>)	Hadé pisan : ngawih maké pasemon anu luyu jeung eusi kawih sarta matéri kawih bisa katepikeun	5	5
		Hadé : ngawih maké pasemon anu hadé sarta bisa nepikeun sabagian maksud matéri kawih	4	
		Cukup : ngawih bari némbongkeun pasemon anu kurang sarta maksud eusi kawih teu nepi ka nu ngaregepkeun	3	
		Kurang : ngawihh hungkul maké pasemon anu gemper tur malaweng	2	
		Kurang pisan : ngawih asal-asalan tur poho kana rumpaka kawih	1	
3	Artikulasi	Hadé pisan : artikulasi a, i, u, e, o anu diucapkeun béntés jeung bener	5	5
		Hadé : artikulasi a, i, u, e, o anu diucapkeun cukup jelas	4	
		Cukup : artikulasi a, i, u, e, o anu diucapkeun cukup jelas tapi lentong sorana kurang	3	
		Kurang : artikulasi a, i, u, e, o anu diucapkeun teu jelas jeung sora lentongna goréng	2	
		Kurang pisan : artikulasi a, i, u, e, o anu diucapkeun teu jelas sarta ngawih poho kana rumpaka	1	
4	Wirahma	Hadé pisan : wirahma anu dihaleuangkeun luyu jeung surupan	5	5
		Hadé : wirahma anu dihaleuangkeun luyu jeung surupan tapi salah dina ngatur napas jeung <i>pemenggalan</i> kalimah	4	
		Cukup : wirahma anu dihaleuangkeun luyu jeung aturan tapi rajeun teu nincak kana surupan	3	
		Kurang : kurang maliré kana surupan tapi apal kana rumpaka kawih	2	
		Kurang pisan : ngawih asal-asalan, rusuh, tur pabaliut dina rumpaka kawih nu dipidangkeun	1	

b. Méré skor kamampuh ngawih

Ari Syahrul Budiansyah, 2020

MÉTODE TILU LÉNGKAH DINA PANGAJARAN KAWIH SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | reposiory.upi.edu | perpustakaan.up.edu

$$\text{Peunteun} = \frac{\Sigma \text{skor nu kahontal}}{\Sigma \text{skor maksimal}} \times 100$$

c. Ngasupkeun peunteun kana tabel 3.2

Tabel 3. 2
Tabél Format Peunteun Pre-test jeung Post-test Kaparigelan Ngawih

NAS	Kamampuh Ngawih				Σ	Peunteun	Katégori	Keterangan
	Éksprési		Téhnik Vokal					
	a	b	c	d				
1								
2								
3								
Jst.								

Keterangan :

NAS = No. Absen Siswa

a = Émosi (*penghayatan lagu*)

b = Pasemon (*mimik muka*)

c = Artikulasi

d = Wirahma

Σ = Jumlah Skor

3.7.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS P.ASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik. Data *input* anu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung *indeks gain* anu satuluyna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

3.7.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu dipaké dina panalungtikan. Data anu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal. Pikeun nangtukeun yén data téh

mibanda sifat normal atawa teu normal, bisa maké uji *kolmogrov-Smirnov* atawa uji sampel *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi data normal

H_1 : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 5% ($\alpha=0,05$).

Kritéria ngujina saperti ieu dio handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.7.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji ngeunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih. (Sudjana, 2005). Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variasi dina sumber data. Hipotésis pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

H_0 : varians sampel homogén

H_1 : varians sampel teu homogén

Uji homogénitas dilakukeun ku uji *Levene* ku taraf signifikansi 5% ($\alpha=0,05$), kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 : Ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 : Ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.7.1.3 Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis téh aya dua cara. Saupama data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna maké statistik parametris kalawan maké t-test, sedengkeun saupama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna maké statistik non-paramétris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) = Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh ngawih siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah.

H_1 (Hipotesis alternatif) = Aya béda anu signifikan Antara kamampuh ngawih siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah.